



Vaksen pou Moun ki sou Dyaliz

Lè ou sou dyaliz, ou gen plis risk pran enfeksyon. Sant dyaliz ou an gen vaksen ki gen dwa ede w pa trape lagrip, nemoni, ak epatit B. Maladi sa yo gen dwa koze lanmò. Vaksen sa yo kapab kenbe ou anvi.

Lagrip (sa yo rele "Influenza")

Lagrip se yon viris ki simaye lè moun touse oswa estènye. Li gen dwa koze:

- Gwo lafyèw ak maltèt
- Doulè nan misk
- Tous, gòj fè mal, ak nen bouche
- Fatig
- Enfeksyon zòrèy oswa sinis
- Nemoni (enfeksyon poumon)

Risk lagrip

Lagrip gen dwa fè dyabèt, pwoblèm kè oswa las vin pi mal. Chak ane, 36.000 moun Ozetazini mouri poutèt lagrip.

Osijè Vaksen an (sa yo rele "Flu Shot")

- Yon vaksen ap ede pwoteje ou pou tout sezon lagrip la (ki gen dwa dire depi oktòb rive mwadme).
- An de semèn konsa, vaksen an ap ede kò ou konbat lagrip la.
- Pran yon vaksen pou lagrip bonè lè se sezon lagrip la pou ba li tan pou li mache.
- **Chak ane, viris lagrip la chanje. Donk, fòk ou pran vaksen an chak ane—menm si ou te pran li ane anvan an.**
- Vaksen pou lagrip ki sou fòm spre ou mete nan nen ou gen danje pou ou ak moun ki rete avèk ou ak moun ki rete avèk ou.

Prekosyon nan Zafè Vaksen pou Lagrip

- Yon vaksen pou lagrip fè bra ou sansib, wouj oswa anfle.
- Yon vaksen pou lagrip gen dwa lakòz yon ti lafyèw oswa doulè nan misk pou 1 a 2 jou.
- Raman, yon vaksen pou lagrip gen dwa lakòz yon reyaksyon alèjik.
- Pa pran vaksen pou lagrip si ou gen lafyèw; tann lafyèw la pase pou ou pran vaksen an.
- **PA pran vaksen pou lagrip si ou fè alèji ak ze oswa ou te gen yon move reyaksyon lè ou te pran vaksen an anvan.**

Nemoni

Nemoni se yon enfeksyon poumon. Se gen dwa rezilta yon viris, men kòz ki pi komen an se bakteri. Nemoni gen dwa lakòz:

- Gwo lafyèw
- Tous avèk esoufleman
- Bakteremi (bakteri nan san)
- Menenjit (enfeksyon anlè sèvo)

Risk Nemoni Genyen

Nemoni afekte 1 moun sou 100 chak ane. Nemoni ak pwoblèm li gen dwa koze touye anpil moun chak ane. Risk pou moun mouri an pi wi lè gen dyaliz.

Osijè Vaksen pou Nemoni an

- Vaksen nemokokal ede pwoteje ou kont 23 tip enfeksyon. Li mache 60 a 70% pousan ka.
- Nan apeprè 2 a 3 semèn, vaksen an ap kòmanse ede kò ou konbat bakteri nemoni a.



Prekosyon nan Zafè Vaksen Nemoni

- Apeprè mwate moun ki pran vaksen an pa gen efè segondè.
- Gen de moun ki gen woujè oswa sansibilite nan bra yo kote yo resevwa vaksen an.
- Mwens pase yon moun sou 100 gen dwa gen lafyèw oswa frison pou 1 a 2 jou.
- Mwens pase yon moun sou 10.000 gen dwa fè alèji a PPV.
- **Aprè vaksen an, rele doktè ou touswit si ou santi ou fèb oswa tèt ou ap vire, li difisil pou ou respire, oswa kò ou kòmanse grate w.**
- Antan ke moun k ap fè dyaliz, w ap bezwen yon lòt vaksen nan senkan apre premye a.



Epatit B (HBV)

Epatit B se yon gwo enfeksyon fwa poutèt yon viris. **Piske HBV simaye atravè san ak likid nan kò a, pasyan k ap fè dyaliz gen anpil risk.** Akoutèm, HBV gen dwa koze:

- Po oswa je jòn
- Fatig
- Doulè lestomak avèk pèt apeti
- Doulè nan misk, atikilasyon ak lestomak

POU APRANN PI PLIS:

Pale ak doktè oswa enfimiyè ou, oswa rele Sant pou Kontwòl Maladi a (Centers for Disease Control) nan (800) 232-4636

Risk ki asosye ak Epatit B

Epatit B gen dwa tounen yon enfeksyon kwonik (alontèm). Li gen dwa lakòz domaj nan fwa, kansè nan fwa, epi lanmò. Vaksen Epatit B a kapab ede pwoteje ou kont enfeksyon HBV kwonik.

Osijè Vaksen Epatit B a

- Doktè ou pwal teste san ou pou wè si ou bezwen vaksen sa a.
- Si ou te gen Epatit B deja—ou gen dwa pat konnen—ou pa bezweb vaksen an.
- Ou bezwen yon seri 3 oswa 4 piki Epatit pou pwoteje ou. Ou gen dwa bezwen dòz anplis. Gen de moun k ap fè dyaliz ki pa reyaji a vaksen an ditou.

Prekosyon nan Zafè Vaksen Epatit B

- Vaksen Epatit B an pa gen anpil danje ditou. Apeprè 1 moun sou 4 gen ti doulè nan bra kote yo resevwa piki a. Apeprè yon moun sou 15 gen yon ti lafyèw.
- Mwens pase yon moun sou 1.1 milyon fè mmalèji ak vaksen an. **Si ou fè alèji ak leven oswa nenpòt ki lòt pati vaksen sa a, pa pran vaksen an. Apre piki a, si ou santi tèt ou ap vire, ou fèb, ou gen pwoblèm pou respire, oswa kò ou kòmanse grate ou, rele doktè ou touswit.**

ATANSYON:

Vaksen gen dwa pa pwoteje moun k ap fè dyaliz menm jan ak moun ki an sante—men yo se meye chans ou genyen pou ou pa trape yon maladi ki gen dwa koze lanmò.